# JURNALISTIKA SALASI’NDA «ALTI’N QA’LEM» X MILLIY SI’YLI’G’I’

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (56 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (56 KB)

**Di’qqi’t, tan’law!**

O’zbekistan Jurnalistleri do’retiwshilik awqami’ Jurnalistlerdi qayta tayarlaw xali’qarali’q worayi’ menen birlikte milliy ha’m xali’qarali’q jurnalistikani’n’ yen’ jaqsi’ jetiskenliklerin ken’nen g’alabalasti’ri’w, G’XQ xi’zmetkerleri wo’zlerinin’ puqarali’q poziciyalari’n ko’rsetiwi ushi’n sharayat jarati’w ja’ne jurnalistlerde si’n pikirlewdi ha’m do’retiwshilik jumi’sqa jan’asha ko’z-qarasti’ qa’liplestiriw maqsetinde «Alti’n qa’lem» X Milliy si’yli’g’i’ ushi’n xali’qarali’q tan’law wo’tkeredi.

3-may – Jer ju’zilik baspa so’z yerkinligi ku’nine bag’i’shlang’an bul tan’lawg’a 2014-ji’ldi’n’ 31-marti’nan 2015-ji’ldi’n’ 31-marti’na shekemgi – bir ji’l dawami’nda gazeta ha’m jurnallarda basi’p shi’g’ari’lg’an, radio arqali’ efirge uzati’lg’an ja’ne televideniede ko’rsetilgen ha’m internet basi’li’mlari’nda berilgen materiallar 2014-ji’ldi’n’ 10-apreline shekem qabi’l yetiledi.

**Tan’law jen’impazlari’ ushi’n to’mendegi si’yli’qlar sho’lkemlestirilgen:**

**Jurnalistika salasi’nda bas milliy si’yli’q.**

Jen’impaz arnawli’ diplom, «Alti’n qa’lem» ko’kirek ni’shani’, statuetkasi’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’nda belgilengen yen’ kem miynet haqi’ni’n’ 200 yesesi mug’dari’nda aqshalay si’yli’qlanadi’.

**Tiykarg’i’ si’yli’qlar:**

yen’ jaqsi’ jurnalistlik material ushi’n milliy si’yli’q

(televidenie-1-,2-, 3- wori’nlar);

yen’ jaqsi’ jurnalistlik material ushi’n milliy si’yli’q (radio-1-, 2-, 3- wori’nlar);

yen’ jaqsi’ jurnalistlik material ushi’n milliy si’yli’q (baspa G’XQ - 1-, 2-, 3-ori’nlar);

yen’ jaqsi’ jurnalistlik material ushi’n milliy si’yli’q (internet-jurnalistika-1-, 2-, 3-ori’nlar).

Birinshi wori’ndi’ alg’an jen’impazlar diplom, «Alti’n qa’lem» ko’kirek ni’shani’, statuetkasi’ ha’m yen’ kem miynet haqi’ni’n’ 160 yesesi mug’dari’nda aqshalay si’yli’qlanadi’.

Yekinshi wori’ndi’ alg’an jen’impazlar diplom, «Alti’n qa’lem» ko’kirek ni’shani’, statuetkasi’ ha’m yen’ kem miynet haqi’ni’n’ 140 yesesi mug’dari’nda aqshalay si’yli’qlanadi’.

U’shinshi wori’ndi’ alg’an jen’impazlar diplom, «Alti’n qa’lem» ko’kirek ni’shani’, statuetkasi’ ha’m yen’ kem miynet haqi’ni’n’ 120 yesesi mug’dari’nda aqshalay si’yli’qlanadi’.

**Xoshametlew si’yli’qlari’ ushi’n nominaciyalar:**

yen’ jaqsi’ fotoreportaj;

yen’ jaqsi’ baspa so’z xi’zmeti.

Usi’ nominaciyalar jen’impazi’ diplom, «Alti’n qa’lem» ko’kirek ni’shani’, statuetkasi’ ha’m yen’ kem miynet haqi’ni’n’ 50 yesesi mug’dari’nda aqshalay si’yli’qlanadi’.

«Alti’n qa’lem» tan’lawi’ jen’impazlari’n si’yli’qlaw, sonday-aq, woni’ wo’tkeriwge baylani’sli’ qa’rejetler O’zbekistan Respublikasi’ Woliy Majlisi jani’ndag’i’ Ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemlerdi ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ basqa da institutlari’n qollap-quwatlaw ja’miyetlik qori’ni’n’ qarji’lay ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’.

Sonday-aq, bir qatar xali’qarali’q sho’lkemlerdin’ O’zbekistandag’i’ wa’kilxanalari’ ha’m respublikami’zdag’i’ ja’miyetlik sho’lkemler de wo’zlerinin’ xoshametlew si’yli’qlari’n sho’lkemlestirgen.

**Tan’law sha’rtleri:**

Tan’lawg’a tele-, radio-, baspa so’z materiallari’ ja’ne internet basi’li’mlari’nda ja’riyalang’an jumi’slar usi’ni’ladi’ (5 ten kem bolmawi’ kerek).

Televidenie boyi’nsha videomateriallar, ma’limleme uzati’wshi’ quraldi’n’ qanday ko’riniste boli’wi’na qaramastan, 3 minuttan 30 minutqa shekem boli’wi’ kerek.

Radio yesittiriwler (CD, DVD diskte) 5 minuttan 30 minutqa shekem boli’wi’ kerek.

Baspa so’z ha’m internet materiallari’ tu’p nusqada yamasa ko’shirme nusqada usi’ni’li’wi’ lazi’m.

**Tan’lawg’a jiberilgen materiallarg’a to’mendegiler qosi’msha yetiliwi lazi’m:**

-avtor haqqi’nda mag’li’wmatnama;

-avtordi’n’ jasaw ma’nzili, u’y ha’m jumi’s telefonlari’;

-pasport nusqasi’.

Tan’law jen’impazlari’n saltanatli’ si’yli’qlaw ma’resimi Jer ju’zilik baspa so’z yerkinligi ku’ni qarsan’i’nda «Tu’rkistan» sarayi’nda wo’tkeriledi.

Si’yli’q bir adamg’a qaytadan berilmeydi.

Materiallar «Alti’n qa’lem» tan’lawi’na dep ko’rsetilgen halda to’mendegi ma’nzilge jiberiliwi lazi’m:

100129, Tashkent qalasi’, Nawayi’ ko’shesi, 30-u’y.

O’zbekistan Jurnalistleri do’retiwshilik awqami’

3-qabat, 35-bo’lme.

Telefonlar: 244-64-61; 244-37-87.

rsquo;n to/strongrsquo;zbekistandag

Sa'ne: 13.02.2015 12:36, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'